

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan kana dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman dilantarankeun ku katajina si panalungtik kana dongéng-dongéng Si Kabayan anu dikarang ku M.O Koesman. Panalungtikan ieu museur kana struktur dongéng-dongéng Si Kabayan jeung ajén étnopedagogik anu dipatalikeun jeung pangajaran maca di SMA.

Tina hasil panalungtikan ieu kapanggih, yén téma anu nyangkaruk dina dongéng-dongéng Si Kabayan téh rupa-rupa. Téma-téma nu katitén nyaéta, pangalaman jeung pasipatan cageur, bageur, jeung jujur mangrupa modal utama dina hirup, cilaka ku pamolah sorangan, sakapeung mah anu jauh téh karasa deukeut jeung nu deukeut karasa jauh, kasalahan sorangan anu di teumbleuhkeun ka batur sangkan urang henteu ka ciri salah, ulah ka ciri bodo harepeun batur ngarah urang bisa di hargaan, hirup mah kumaha pepelakan mun urang bageur ka batur tangtu batur bageur ka urang, nu jauh leuwih di inget tibatan nu deukeut, sanajan jalma bodo tapi mun di lenyepan mah omonganna téh bener jeung sakapeung mah bener teuing, ngabobodo kolot, jeung sakapeung mah urang ripuh keur ngabagéakeun batur.

Ditilik tina unsur fakta carita (struktural) nu ngawengku watek palaku, galur carita, jeung latar, kapanggih yén anu jadi palaku utama tina sakabéh dongéng nyaéta Si Kabayan anu ngabogaan watek loba ékol, pinter, pedit, licik, *kreatif*, bageur, basajan, handap asor, hormat, sirik, resep ngalamun, kedul, wijaksana. Upama dtilik deui tina sapuluh dongéng Si Kabayan téh watek Si Kabayan anu panglobana nyaéta watek kedul, bodo, loba ékol, jeung wijaksana. Sarta watek anu pangsaeutikna nyaéta watek resep ngalamun, sirik, hormat, handap asor, pedit, pinter licik jeung kreatif, nu kapanggih tina sapuluh dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman.

Faryono, 2017

DONGENG SI KABAYAN KARANGAN M.O.KOESMAN

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGENG DI SMA

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Salian ti palaku utama nya éta Si Kabayan dina dongéng-dongéng Si Kabayan ogé aya palaku Nyi Iteung salaku pamajikanana anu ngabogaan watek bageur, sabar, jeung nyaah pisan ka salakina.

Nilik kana unsur séjénna nyaéta galur jeung latar, dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman ngagunakeun galur mérélé. Latar (tempat, waktu, jeung sosial). Dina ieu dongéng-dongéng Si Kabayan , latar tempat téh umumna pilemburan, leuweung, sawah, jeung kebon. Sanajan aya sababaraha carita si Kabayan anu latar tempatna nyaritakeun di balong, walungan, jalan, jeung balé désa. Latar waktu nu nyampak nyaéta umumna kaayaan kahirupan anu umumna aya dipilemburan. Sedengkeun latar sosial anu nyampak nyaéta kahirupan masarakat dijaman baheula, komo deui dina sababaraha dongéng Si Kabayan mah dicaritakeun kahirupan masarakat anu masih kénéh percaya kana tahayul jeung kana hal anu *gaib*.

Upama ditilik tina aspék sarana sastra umumna dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman ngagunakeun puseur implengan jalma katilu teu kawatesanan. Gaya basa jeung *tone* nu digunakeun ogé umumna basajan jeung hampang

Ajén étnopedagogik nu kapanggih dina dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman nyiptakeun manusa unggul anu nyoko kana moral kamanusaan anu jadi swangan hirup urang Sunda. Moral kamanusaan nu dimaksud nyaéta (1) moral manusa ka Pangéran, (2) moral manusa ka pribadi, (3) moral manusa ka manusa, (4) moral manusa ka alam, (5) moral manusa kana waktu, jeung (6) moral manusa dina ngudag kapuasan lahiriah jeung batinhiah. Tina hasil analisis ajén étnopedagogik kana dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman kapaluruh yén ajén-ajén étnopedagogik anu aya dina dongéng-dongéng Si Kabayan téh nyaéta moral manusa ka Pangéran anu ngawengku sikep iman, tawakal, ngadoa jeung boga rasa sukur kana ni'mat jeung kakawasaan Pangéran. Moral manusa ka pribadi anu ngawengku sikep jujur, béréhan, nyaah ka sasama, daek silih bantu jeung sasama, satia jeung cinta

Faryono, 2017

DONGENG SI KABAYAN KARANGAN M.O.KOESMAN

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGENG DI SMA

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lemah cai, panceg pamadegan, sabar, jujur, ihlas, jeung tuhu kana jangji. Moral manusa ka manusa nyaéta silih tulungan jeung dulur ogé jeung batur, ngajénan kanu leuwih kolot, béla ka babaturan, nyingkahan paséa jeung sasama. Moral manusa kana waktu nyaéta kudu inget kana waktu ibadah, jeung inget kana waktu mulang sangkan teu nyapirakeun kana waktu. Moral manusa pikeun ngudag lahiriah jeung batiniah nyaéta resep kana hiburan, utamana anu aya pakaitna jeung kasenian.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, dicindekkeun yén dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca di SMA, lantaran eusina anu euyeub ku ajén-ajén atikan, katambah eusina bisa jadi sarana hiburan pikeun anu maca jeung basana anu basajan.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh maluruh struktur jeung ajén-ajén étnopedagogik tina dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman anu hasilna dipatalikeun jeung pangajaran maca di SMA, ku kituna hal ieu bisa nambahan euyeubna dunya atikan katut bisa nambahan tina panalungtikan anu dilaksanakeun saméméhna. Euyeubna panalungtikan tangtu waé méré pangaruh anu hadé pikeun pangajaran sakola, ku kituna hasil-hasil panalungtikan anu patali jeung pangajaran tangtuna waé bisa jadi alternatif pikeun guru dina ngamekarkeun bahan, métode, jeung teknis pangajaran. Tapi panalungtikan ieu téh can sampurna, jeung masih loba kakuranganana. Ku kituna patali jeung ieu hal, aya sawatara sarana pikeun kamajuan dunya kasusastraan jeung dunya atikan nyaéta perluna dilaksanakeun deui panalungtikan anu medar dongéng-dongéng Sunda atawa kana karya sastra séjénna.

Salian ti éta ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan tinimbangan pikeun pamaréntah jeung masarakat sangkan bisa ngajaga jeung ngariksa karya sastra Sunda utamana mah karya sastra dongéng. Sarta bisa jadi tarékah pikeun mertahankeun dongéng-dongéng sangkan teu kalindih ku jaman, sabab dina dongéng dijeronana loba pisan ajén-ajén atikan anu mangpaat pikeun masarakat.

Faryono, 2017

DONGENG SI KABAYAN KARANGAN M.O.KOESMAN

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGENG DI SMA

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu